



Pwogram Eksepsyon pou Reyini Fanmi Ayisyen (HFRP) a

Pwogram HFRP a ofri sèten benefisyè petisyon imigasyon familyal ki apwouve ([Fòm I-130, Petisyon pou Fanmi Etranje](#)), posiblité pou yo reyini ak fanmi nan peyi Etazini anvan viza imigran yo sipoze soti. Benefisyè ki apwouve pral rantre nan peyi Etazini kòm moun ki benefisyè eksepsyon, men yo pral aplike pou stati rezidan pèmanan legal (LPR) yon fwa viza imigran yo soti.

Kalifikasyon pou Aplike

Sant Viza Nasyonal Depatman Eta (NVC) a voye envitasyon pou sitwayen ameriken oswa LPR ki te depoze Fòm I-130 pou manm fanmi ayisyen ki te apwouve nan dat oswa anvan 18 desanm 2014, epi ki gen viza imigran yo ki sipoze soti nan 18 - 36 mwa apeprè apati dat envitasyon an. Sèl petisyonè ameriken ki resevwa envitasyon nan men NVC kalifye pou aplike pou Pwogram HFRP a. NVC voye envitasyon omwen yon fwa chak ane.

Petisyonè dwe asire yo NVC gen dènye adrès yo pou resevwa lèt. Petisyonè ka bay dènye adrès yo bay NVC atravè Fòm Demann Piblik la ki sou sit entènèt Depatman Deta a nan <http://travel.state.gov/content/visas/english/contact/ask-nvc.html>.

Kalifikasyon pou Eksepsyon

USCIS ap otorize eksepsyon sou selon chak grenn dosye apa. Benefisyè dwe pase entèvyou nan peyi Dayiti. Anjeneral, benefisyè ap sèlman kalifye pou konsiderasyon pou eksepsyon si yo tap kalifye pou yon viza imigran (si youn te disponib touswit). Timoun derive* ki gen 21 lane oswa plis nan moman petisyonè a aplike kòm sadwa pou Pwogram HFRP a pap kalifye pou konsiderasyon. N ap konsidere pou eksepsyon tout timoun derive ki poko gen 21 lane nan dat yon petisyonè kalifye depoze kòm sadwa yon aplikasyon pou Pwogram HFRP ak USCIS pou pitit la.

*Yon benefisyè prensipal se fanmi petisyonè a depoze Fòm I-130 apwouve debaz la pou li a. Benefisyè derive se madanm/mari ak pitit benefisyè prensipal la ki poko gen 21 lane epi ki poko marye. Lèt envitasyon an ap di kimoun ki konsidere kòm benefisyè prensipal la ak kimoun ki se yon benefisyè derive.

Aplikasyon pou Pwogram HFRP a

Pou aplike pou Pwogram HFRP a pou manm fanmi l, petisyonè ki resevwa yon lèt envitasyon nan men NVC dwe depoze yon aplikasyon pou eksepsyon ([Fòm I-131, Aplikasyon pou Dokiman Vwayaj](#)), ansanm ak frè obligatwa a (oswa demann egzonasyon frè) ak omwen yon [Fòm I-134, Afidavit Sipò](#), pou chak fanmi yo swete konsidere pou eksepsyon. Petisyonè dwe depoze Fòm I-131 ak Fòm I-134 pou chak fanmi kalifye ki asosye ak menm Fòm I-130 debaz la nan menm moman, sa

vle di y ap bezwen depoze tout aplikasyon pou benefisyè derive nan menm lè ak aplikasyon pou benefisyè prensipal la. Si yon petisyonè pa aplike pou benefisyè prensipal Fòm I-130 lan, nou pap konsidere benefisyè derive asosye yo nan kad Pwogram HFRP a.

Dat limit aplikasyon an ap nan envitasyon NVC a. Anjeneral, petisyonè gen sis mwa apati dat envitasyon an pou depoze aplikasyon yo.

Pri

Frè pou depoze yon Fòm I-131 jounen jodi a se \$360, menm si yon petisyonè ka mande yon egzonerasyon frè lè li depoze [Fòm I-912, Demann Egzonerasyon Frèa](#). Pou jwenn sa pou fè, tanpri li [Gid pou Egzonerasyon Frè USCIS yo](#). Petisyonè ak/oswa benefisyè ap gen tou pou yo kouvri tout depans ki asosye ak prezans yo nan yon entèvyou Pòtoprens, yon egzamen medikal ak vwayaj nan peyi Etazini, ansanm ak lòt depans.

Entèvyou ak Benefisyè Obligatwa

Yon entèvyou obligatwa pou tout benefisyè pwogram lan anvan eksepsyon ta ka otorize. Menm lè yon Sant Sèvis USCIS ka apwouve sou kondisyon yon aplikasyon Fòm I-131, dènye apwobasyon aplikasyon an ap mande yon entèvyou an pèsòn ak yon ofisye USCIS nan Anbasad Ameriken nan Pòtoprens. NVC a ap pwograme entèvyou Pwogram HFRP epi ap enfòmè alafwa petisyonè a nan peyi Etazini ak benefisyè a nan peyi Dayiti sou dat ak lè entèvyou a. Petisyonè pa dwe eseye pwograme yon randevou dirèkteman ak USCIS oswa Anbasad Ameriken an.

Si Vwayaj Apwouve

N ap livre dokiman vwayaj nesèsè yo bay benefisyè a, ki dwe peye pou vywayaj li nan peyi Etazini. Yon fwa li nan pò dantre a, yon Ofisye Dwann ak Pwoteksyon Fwontyè Ameriken ap enskepte benefisyè a, epi analize dokiman yo epi, sou baz tout bagay kòrèk, bay benefisyè a eksepsyon pou l rantr nan peyi Etazini. Benefisyè a ap resevwa yon Fòm I-94, *Dosye Arive/Depa*, kap dokimante eksepsyon li pou l rantr nan peyi Etazini.

Premye Peryòd Eksepsyon

Benefisyè ki apwouve nan kad Pwogram HFRP a ap benefisye eksepsyon pou rantr nan peyi Etazini pou yon premye peryòd twazan. Peryòd tan sa bay yo tan pou aplike pou stati LPR yon fwa viza imigran yo soti, sa ki pou pi fò moun, sipoze rive nan dezan apre yo benefisye eksepsyon pou rantr nan peyi Etazini.

Kalifikasyon pou Pèmi Travay

Moun ki benefisye eksepsyon legal nan peyi Etazini. Yon fwa yo nan peyi Etazini, y ap kalifye pou yo aplike pou pèmi travay lè yo depoze [Fòm I-765, Aplikasyon pou Pèmi Travay](#), epi peye frè yo mande a, ki se \$380 pou kounye a.

Kisa sa vle di ou benefisye yon eksepsyon

Eksepsyon pèmèt yon moun pou l legal nan peyi Etazini epi pou l aplike pou pèmi travay. Eksepsyon an limenm pa bay ankenn stati imigrasyon legal nan peyi Etazini. Sepandan, benefisye Pwogram HFRP ki benefisye eksepsyon nan peyi Etazini sipoze aplike pou stati rezidan pèmanan legal kou viaz imigran yo soti--anjeneral nan dezan apre yo benefisye eksepsyon nan peyi Etazini.

Kalifikasyon pou Avantaj Piblik

Yon fwa yo benefisye eksepsyon pou rantre nan peyi Etazini, benefisye Pwogram HFRP a ap respekte definisyon emigre Kiben/Ayisyen yo dapre seksyon 501(e)(1) Lwa 1980 sou Edikasyon ak Asistans pou Refije a, jan l te amande a, epi y ap "etranje kalifye" pou yo ka kalifye pou avantaj piblik.

Ajisteman Stati

Benefisye ap sipoze aplike pou ajisteman stati kou viza imigran yo soti, sa ki fèt anjeneral nan dezan apre yo benefisye eksepsyon nan peyi Etazini. Si yo pa ba yo viza nan moman premye otorizasyon eksepsyon yo a ekspire, benefisye Pwogram HFRP a ap gen pou aplike pou yon lòt eksepsyon si pou yo toujou legal nan peyi Etazini.